**Аруан щӀыналъэм мылъку зыхухихыу, курыт щӀэныгъэ**

**щрагъэгъуэт ӀуэхущӀапӀэ**

**«Псыгуэнсу къуажэ дэт 2-нэ курыт еджапӀэ»**

# Темэр: «Нэгумэ Шорэрэ Степан Солнцевымрэ я образхэр Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» романым къызэрыщыгъэлъэгъуар»


**Зыгъэхьэзырар: адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ**

**и егъэджакӀуэ Шыд Фатимэщ**


**Псыгуэнсу**

**2025 гъ**

**Фи махуэ фIыуэ! Нобэ ди темэр**

**Темэр.** Нэгумэ Шорэрэ Степан Солнцевымрэ я образхэр Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» романым къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Ди дерсым мураду зыхуэдгъэувыжащ

**Мурадхэр.**

1. Адыгэ культурэм и уафэм дыщэпскIэ зи цIэр итха нэхъ цIыхушхуэхэм ящыщ зыуэ Нэгумэ Шорэ зэрыщытыр гурэ псэкIэ зыхэтщIэным делэжьынущ.
2. И лъэпкъыр щIэныгъэм иришэлIэн папщIэ зи гуащIэрэ зи пщIэнтIэпсрэ емыблэж цIыху емышыжу Шорэ и образыр романым зэрыщызыфIэгъэувар къэтхутэнущ.
3. Урыс лъэпкъышхуэм къыхэкIа цIыху пэрытхэм адыгэ щIэнхабзэм зиужьынымкIэ яIа мыхьэнэр Солнцевым и образымкIэ тхакIуэм къызэриIуатэм щыгъуазэ зыхуэтщIынущ.

**Методическэ Iэмалхэр:** еджакIуэхэм я къэпсэлъэныгъэ, тхыгъэм щыщ пычыгъуэ къеджэныгъэ, тхыдэм и напэкIуэцIхэм зыхуэгъэзэныгъэ, зэдэуэршэрыныгъэ.

**Урокыр къызэрызэгъэпэщар:** Нэгумэ Шорэ и сурэт, Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъыр. ЦIыху щэджащэхэм теухуа тхыгъэ лэжьыгъэхэр.

**Урокым и Iэпиграф**

Шорэ зигукIи зи псэкIи щIэныгъэр фIыуэ
зылъагъу цIыхушхуэщ, щIыхь лъапIэ
зыхуэфащэу щытащ. АтIэми, и хэкуэгъухэм
я щIэныгъэншагъэ-гурбияныгъэм елъатауэ
щIэныгъэм ефIэкIыныгъэ зэрыщиIэм пщIэ
хуищIыф къудейм къыщымынэу.
Абыхэм я щIэныгъэншагъэр игъэкIуэдыну
езым и гуащIэдэкIхьэлэлкIэ хущIэкъуащ,
икIи абы и лъэныкъуэкIэ псом япэ
езым и закъуэ къызыхэкIа и лъэпкъым
щапхъэ иригъэлъэгъужыфащ…

**Академик Шегрен.**

**Урокым и екIуэкIыкIэр**

1. **Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын**

Урокыр зытеухуамрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ еджакIуэхэм жегъэIэн.

**ЕгъэджакIуэ.**
Фэ унэ лэжьыгъэу фиIащ Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» роман-тетрологиер зытеухуамрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ фытепсэлъыхьыну. Нап.I59 (хр.) ит I,2,3 упщIэхэм я жэуапу къэпсэлъэныгъэхэр вгъэхьэзырыну.

**I.Хэт къыджиIэн, адыгэ лъэпкъым и сыт хуэдэ лъэхъэнэ зытеухуар** «Бгырысхэр» **романыр?**
Жэуапыр: Алинэ.

**2.Сыт романым лъабжьэ хуэхъуар?**
Жэуапыр: Ангелинэ.

**3.Сыт хуэдэ гупсысэ щIэлъ романым?**
Жэуапыр: Дисанэ.

ФIы дыдэу фытепсэлъыхьащ. «Бгырысхэр» романым авторым щIыпIэ куэдым щытопсэлъыхь, унэцIэ куэди къехь, Iуэхугъуэ куэди щокIуэкI. Роман эпопеем и зэман зытеухуакIэ къеубыд I9-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ I870 гъэхэм нэс. А зэман кIыхьым тхакIуэм дэ щыгъуазэ дыхуещI бгырыс щIыналъэм щекIуэкI, къыщыхъу Iуэхугъуэшхуэхэм. Ар къэгъэлъэгъуэжыныр тыншкъым, аращ тхакIуэм бгырысхэм я тхыдэм, къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, этнографием, хабзэм и гугъу ищIын хуей щIэхъури.

2. **ТемэщIэр етын.**

**ЕгъэджакIуэм и псалъэ**

Шортэн Аскэрбий и прозэм бжьыпэр щызыубыдыр тхылъиплIу зэхэлъ «Бгырысхэр» романырщ - ар тхыдэм теухуауэ япэ адыгэ романщ. Шортэным «Бгырысхэр» романымкIэ кууэ щыгъуазэ дыхуещI Кавказым I9-нэ лIэщIыгъуэм (абы и пэщIэдзэхэм къыщыщIэдзауэ и 70 гъэхэм пщIондэ) къыщыхъуа Iуэхугъуэхэм. ЩIыпIэ ин щеубыд бгырысхэм я гъащIэр, я гупсысэр, я бэнэныгъэр, абы щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхущытыкIэхэр къэгъэлъэгъуэнми. ТхакIуэр яужь итщ дэтхэнэ и зы лIыхъужьри пыухыкIа зэрищIыным. Хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр зэрабгъэдилъхьэным.

Нобэ дэ дытепсэлъыхьынущ романым къыщыгъэлъэгъуа образ нэхъыщхьэхэм. Нэгумэ Шэрэрэ Степан Солнцевымрэ я образхэм. Романым щIэлъ гупсысэ куэдыр тхакIуэм къызэриIуатэр Шорэ и образырщ. И зэманым елъытауэ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта а цIыху акъылыфIэр и гуащIи и пси емыблэжу къыдалъхуахэр зыхэт кIыфIыгъэхьэлъэм къызэрыхишыным, щIэныгъэм и гъуэгу нэхум, хуитым ахэр зэрытригъэувэным, я псэукIэр зэрыригъэфIэкIуэным телэжьащ Нэгумэ Шорэ. Абы къыгуроIуэ бгырысхэм гъусэ иджыкIэ зызыхуащIын хуейр урыс лъэпкъыр зэрыарар. Ауэ мафIэс ежьар, лъэпкъ гъэкIуэд зауэ ежьар, лъэныкъуитIымкIи къахуэгъэувыIэжыркъым. Зи щхьэрэ зи нэмысрэ псом япэ изыгъэувэ бгырысхэм Iэщэ къащтэу я щхьэхуитыныгъэр яхъумэжын хуей мэхъу.

**ЕджакIуэхэм къэпсэлъэныгъэ ягъэхьэзырамрэ «Бгырысхэр» романым Шорэ и образыр къызэрыщыгъэлъэгъуамрэ зэхэухуэнауэ тепсэлъыхьын.**

1. **Хэт хъуну Нэгумэ Шорэ?**

**Едж.** ЩIэныгъэлI щэджащэ Нэгумэ Шорэ хьилмышхуэ зыбгъэдэлъа япэ лъэпкъ историкщ. Бзэ куэд зи Iэпэгъуу адыгэ грамматикэм елэжьа лингвист Iэзэ, и лъэпкъыр щIэныгъэм иришэлIэн папщIэ зи гуащIэрэ пщIэнтIэпсрэ емыблэжа узэщIакIуэ цIэрыIуэщ, IуэрыIуатэм и зэхуэхьэсыжакIуэщ, усакIуэщ.

**Едж.** ТхакIуэм нэхъ къехъулIа образхэм ящыщщ Шорэ и образыр. Япэ дыдэу абы дыщрихьэлIэр мыдрисэм щеджэу сымаджэ хьэлъэ щыхъуарщ. И благъи и Iыхьлыи Шорэ тегузэвыхьу зэхэсми. Абы и узым псори хуэкъаруунщэщ. Иужьым урыс быдапIэм щылажьэ дохутыр къашэри, абы егъэхъуж. Арыххэу Солнцевымрэ Шорэрэ хэгъэрей зэхуохъу. Урыс дохутыр, этнограф Солнцевыр сэбэп мэхъу Шорэ адыгэ тхыдэм. ЩIэныгъэм дихьэхынымкIэ. ар зыкъомкIи къыхэкIащ езы Солнцевым адыгэ IуэрыIуатэр зэхуихьэсу, абы дихьэхыу зэрыщытам.

2. **Шорэ къызыхэкIа унагъуэр, лъэпкъыр сыт хуэдэт?**

**Едж.** «Шорэ псоми фIыуэ яцIыху адыгэ щIалэщ, дахэщ, уэркъщ, лIыщIэ 25-рэ и жылэм щиIэщ…»
Шорэ уэркъ унагъуэм къыхэкIащ, ауэ гъэпщылIакIуэхэм икъукIэ къащхьэщокI, и гупэр нэхъ зыхуэгъэзар гугъуехьакIуэхэр арщ. Абы щыхьэт тохъуэ Бот тхьэмыщкIэм хуищIа гулъытэмрэ абы и сыным тритха псалъэхэмрэ.

**Едж.** Шорэ и зэфIэкIыр, ар зищIысыр нэхъ наIуэ мэхъу и сохъустэгъуу щыта Зэчрей едгъапщэмэ. Зы щIыпIэм къыщалъхуа, щапIа а цIыхуитIым я дуней тетыкIэмрэ я IуэхуеплъыкIэмрэ зэпэщIегъэувэри, тхакIуэм Шорэ и образыр нэхъ IупщI ещI.

**Еджь.** Зэчрей и щIэныгъэр и щхьэ Iуэхум тещIыхьауэ къигъэсэбэпыну иужь итщ. Шорэ урыс культурэм щIызыпищIэр и хэкуэгъухэм IуэхугъуэфIхэр яхуилэжьыну аращ. Ар хущIокъу и лъэпкъэгъухэр зыхэт кIыфIыгъэм къыхишыну. Абы и гъащIэри и гурыщIэри а Iуэхугъуэм триухуащ.

3. **Шорэ урыс къулыкъум зыщIритам щхьэусыгъуэ хуэхъуар сытыт?**

**Еджь.** И анэдэлъхубзэм нэмыщIкIэ Шорэ фIыуэ ещIэр хьэрыпыбзэмрэ тыркубзэмрэ. Иджы абы мурад ищIащ икIэщIыпIэкIэ урысыбзэри зригъэщIэну-хуиту еджэфу, хуиту тхэфу…
Академик Адольф берже абы теухуауэ жиIащ мы псалъэхэр: «…апхуэдизкIэ фIыуэ урысыбзэр зэригъэщIати, ар I928 гъэм бгырыс лъэпкъ щхьэхуэхэм я бынхэу Налшык крепостым анэмэту щаIыгъхэр крысыбзэмрэ тыркубзэмрэ иригъэджэну ягъэуващ».

4. **Шорэ сыт хуэдэ Iуэху еплъыкIэ хуиIэ диным?**

**Еджь.** Шорэрэ Хьэжы-Исмелрэ я зэпэщIэувэныгъэр къызыхэкIым и щхьэусыгъуэ щхьэхуэхэм ящыщщ абыхэм диным хуаIэ бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэр. «ЦIыхуращ сэ си дежкIэ диныр», - апхуэдэ гупсысэм хуэкIуа цIыхур зыми къригъэкIуэтыфынукъым.
Шорэ егулIауэ муслъымэн диным и бэнакIуэу щымыт щхьэкIэ, абы зэи захуэу къилъытэркъым диным уриджэгуну!

**Еджь.** Нэгумэм и гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд КарасскIэ зэджэ шотландэ колонием. Ар къыщызэрагъэпэщар I802 гъэрщ. Абыхэм къалэну зыхуагъэувыжат шэрджэсхэм (бгырысхэм) я деж чыристан диныр щыпхагъэкIыу, абыкIэ колониализмэм и щытыкIэр нэхъри ягъэбыдэну, нэхъри ткIий ящIыну.

**Еджь.** «Шорэ къыгурыIуэрт Кавказым, зауэ гуащIэ щекIуэкIым, мы Шегрен хуэдэ щIэныгъэлIхэр урыс правительсьвэм къыщигъэкIуакIэ, урысхэм мурад пыухыкIа зэращIар, ахэр лъэ быдэкIэ мы щIыпIэм зэриувэнур…» -щетх романым Шортэным.

**Еджь.** «…лIыгъэ уиIэщ, кууэ уогупсысэ, жыжьэ уоIэбэф…СфIэхьэлэмэтыщэу псоми седжащ, псалъэхэр, грамматическэ положениехэр гупсэхуу къыбогъуэтыфыр. Уэ тыркубзэри, тэтэрыбзэри, урысыбзэри фIыуэ зэрыпщIэр нэрылъагъущ…СфIэхьэлэмэту седжащ уи «Тхыдэми». Уеблэмэ, нэхъ сыдихьэхыу уи «Грамматикэм» нэхърэ.
Уи тхыдэ IуэрыIуатэхэм, уэрэдыжь-хъыбарыжьхэм къыхэпIущIыкIыжар телъыджащэщ».

**Еджь.** Адыгэбзэм къыдэкIуэу Нэгумэ Шорэ I823 гъэм адыгэ лъэпкъым и тхыдэр тхыжыным йолэжь. Нэгумэ-филологымрэ Нэгумэ-историкымрэ

зэдэIэпыкъуу зэдэлэжьащ. Абы и щыхьэтщ езым и псалъэхэр: «Куэдрэ гуп уэршэрхэм сахэтын хуей хъурт. Абы щыгъуэми ди лIыжьхэм къаIуэтэжхэми сэ нэпсейуэ седэIуащ, зы зэман дэкIа нэужь, абыхэм я деж щызэхэсха хъыбархэмрэ уэрэдхэмрэ куэду зэхуэсхьэсын схузэфIэкIащ. Хьэрыпыбзэм, тыркубзэм, урысыбзэм фIыуэ сызэрыщыгъуазэм къыхэкIкIэ, тхыдэ и лъэныкъуэкIэ Iуэхугъуэ пэжхэм яхуэгъэзауэ зэпкърысхащ, зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу згъэтэмэмащ…»
«Тхьэм и шыкуркIэ Россиер – Бенкендорф и закъуэкъым! Лажьэ уэ» - къыжреIэ Шорэ академик Шегрен.

**Лъэпкъым и къэкIуэным теухуауэ Нэгумэ Шорэ и гупсысэ тхыгъэм хэтхэм хэт къытхуеджэн?**

Урокым и эпиграфу къэхьа псалъэхэм ешэлIэжын Нэгумэ Шорэ и лъэпкъым хуиIа лъагъуныгъэ куур, хъуапсапIэ иныр.

**ЕгъэджакIуэм и псалъэ.**
Шорэ и образым зыужьыныгъэ романым щигъуэтам Солнцевым и фIыщIэ хэлъщ, абы и образымкIэ авторым урыс цIыхубэ гугъуехьакIуэхэм бгырыс лъэпкъхэм къыхуаIэ щытыкIэр къигъэлъэгъуащ.
«КъатIэщIакъым, къаулъэпхъэщакъым, армыхъумэ адыгэхэми, осетинхэми, дагъыстэн лъэпкъхэми културэ хьэлэмэт яIэщ», - Солнцевыр гулъытэ лей зиIэ цIыху пэжщ.

5. **АдэкIэ дытепсэлъыхьынщ Степан Ильич Солнцевым и образым.**

**Егъэдж.** Романым дызыщрихьэлIэ образ нэхъ узэщIахэм ящыщщ Степан Солнцевым и образыр. АбыкIэ авторым дэ дегъэлъагъу урыс лъэпкъ къызэрыгуэкIыр бгырыс лъэпкъхэм я къуэш пэжу, пщIэ, щIыхь зыхуащIу зэрыщытыр.

**Едж.** Солнцевым и образымкIэ тхакIуэм къигъэлъэгъуащ урыс цIыхубэр бгырыс лъэпкъхэм я телъхьэу зэрыщытар, ахэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырар.

**Едж.** Степан и хьэлым хыдолъагъуэ декабрист зэщIэхъеиныгъэм ижь къызэрыщIихуар. Солнцевыр куэд зылъэгъуа, гугъуехь куэд зи нэгу щIэкIа цIыхущ, ар хэтащ 1812 гъэм екIуэкIа зауэм, Европэми щыIащ.

**Едж.** Къэралым щекIуэкI политикэм имызакъуэу, урысыдзэм щыIэ залымыгъэмкIи зэрымыарэзым къыхэкIкIэ. Кавказым ссылкэ къагъэкIуащ зауэ-банэм хэкIуэдэнщ жыхуаIэу. АрщхьэкIэ ар фочышэми къелащ. Бгырысхэми дэгъуэу яхэзэгъащ.
**Едж.** Абыхэм я културэ хьэлэмэтым дунейр щыгъуазэ ищIын щхьэкIэ, адыгэхэм ятеухуа этнографическэ очерк итхыну и мурадщ, ар къемыхъулIами.

Шорэ сымаджэ щыхъум, и командирым хуит къимыщIауэ. Iэщэ-фащи кIэрымыщIауэ ар быдапIэм къыдокIри Шорэ къеIэзэну бгырысхэм къахохьэ.

**Едж.** Апхуэдэ щапхъэхэмкIэ тхакIуэм щыгъуазэ дыхуещI Солнцевым бгырысхэм къахуиIэ лъагъуныгъэм. Езы бгырысхэми ар фIыуэ ялъэгъуащ, абы я дзыхь ирагъэз. Степан и фIэщ мэхъу, абы я дзыхь ирагъэз. Степан и фIэщ мэхъу бгырысхэм я къэкIуэнур зэрыдахэр. Аращ мыпхуэдэу щIыжиIэр: «ЗэщIэгъэуIуэн хуейщ мы Кавказым ис лъэпкъхэр, зэщIэгъэуIуэн! Ахэр къэушмэ, уи фIэщ щIы, иджы Европэм зыщызыгъэпросвещеннэ лъэпкъ Iэджэми ящхьэщыкIыжынкIэ. Гурыхьщ, гурыхуэщ, икъукIэ гурыхуэ лъэпкъщ бгырысхэр!» Шорэ Дагъыстэным къикIыжа нэужь, Степан абы йоущие: «Умыбэлэрыгъ, динкIэ уи лъэпкъым хуэпщIэфын щыIэкъым, щIэныгъэм зептамэ нэхъыфIт».

**Едж.** Степан и образым романым роман, зауэ-банэкIэ бгырысхэм уапэувыным идейнэ къалэнышхуэ щегъэзащIэ. Ар бгырысхэм я ущиякIуэщ, я чэнджэщэгъущ, я къыщхьэщыжакIуэщ. Абы тэмэму къыгуроIуэ залымыгъэкIэ, зауэ-банэкIэ бгырысхэм уапэувыным зыри къызэримыкIынур.

**Едж.** Романым и кIэух Iыхьэхэм хыболъагъуэ Солнцевыр бгырыс лъэпкъхэм къахэкIа, щIэныгъэм зезыта щIалэгъуалэм я дэIэпыкъуэгъу ахъырзэману. Абы сытым щыгъуи и жэрдэмщIэгъущ дагъыстэн щIэныгъэлI Омаровыр, шэшэн этнограф Лохриевыр, Шорэ иригъаджэу щыта, иужькIэ Бытырбыху университетыр къэзыуха Лоу Хьэрун сымэ.

**Урокым къызэщIэкъуэжын.**

1. Фигу къэвгъэкIыж Степан Солнцевым Шорэ жриIа псалъэхэр: «Умыбэлэрыгъ, зыщумыгъауэ, динкIэ уи лъэпкъым хуэпщIэфын щыIэкъым, щIэныгъэм зептамэ, нэхъыфIт»
   Сыт хуэдэ мыхьэнэ яIа а псалъэ Iущхэм Шорэ дежкIэ?
   Дауэ феплърэ, динкIэ уи лъэпкъым сыт хуэпщIэфынур?

2. Уахътыншэщ, уардэщ Нэгумэ Шорэ и образыр, и хэкумрэ и лъэпкъымрэ яхуиIа лъагъуныгъэ къабзэр тхакIуэм нэсу къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащи.

**Унэ лэжьыгъэхэр.**

1. ЕджакIуитI зэгъусэу зэдэлэжьэну лэжьыгъэ етын, нап. I60 (хр.) упщIэ №I8.
2. Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадымкIэ тхыгъэ лэжьыгъэ гъэзэщIэн: нап. I60 (хр.) упщIэ 22-м и жэуапыр тхын.
3. Зы еджакIуэ доклад егъэщIын. «Адыгэ IуэрыIуатэм «Бгырысхэр» романым щиубыд увыпIэр» темэкIэ.

**Ди урокыр дыухащ. Узыншэу фыщыт!**